

SchoolFood...

SchoolFood ofri elèv kounye yo yon eksperyans manje eksepsyonèl, ak plis pase 1700 lekòl leta k ap sèvi plis pase 850,000 repa chak jou. SchoolFood se pi gwo sèvis kantin matènèl -12yèm ane k ap fonksyone nan peyi a ak dezyèm pi gwo enstitisyon k ap achte manje apre fòs lame.

SchoolFood angaje l pou l ofri yon chwa manje ki bon pou sante pami elèv nou yo, epi pou l kenbe nòm nitrisyon ki elve pandan l ap ofri chwa manje ki gen bon gou, ki bon pou sante epi ki satisfè tout moun.

- **Prekosyon nan manje** — Estaf SchoolFood la resevwa fòmasyon nan Hazard Analysis Critical Control Points (HACCP); ki se metòd ki pi resan nan prekosyon nan manje.
- **Sèvis kliyantèl** — Nou kore orè lekòl la ak sèvis manje maten ak manje midi moun ka fè konfyans alè.
- **Open Communication** — SchoolFood ap tann kesyon w ak sijesyon w; nou garanti ekip pwofesyonèl nou an ap satisfè bezwen w.
- **Afilyasyon ak SchoolFood** — Manadjè SchoolFood direktè, koòdonatè paran, ak lòt estaf lekòl la, paran ak elèv kolabore pou ranfòse eksperyans manje a.

Nòm nan nitrisyon SchoolFood's

Yo pa ka itilize gou atifisyèl, koulè, sik atifisyèl, lwil palmis, BHA, BHT, ni MSG

Total sodyòm lan pa ka depase 600 mg pou manje maten ak 770 mg pou manje midi

Total grès pa ka depase 30% kalori total la

Grès satire a pa ka depase 10% kalori total la


Nou limite kantite asid gra ak kantite siwo mayi ki gen anpil friktoz

Nou sèvi sèlman pen ble antye

Plis òf fwi ak legim fre chak jou

Nou sèvi sèlman lèt ki pa gen anpil grès ak lèt ki pa gen grès ditou

Snack nourisan pou pwogram aprelekòl ak pwogram SnackBoard à la carte



Ede pitit ou reyisi

DI WI POU REPA LEKÒL KI GEN BON GOU AK NOURISAN

Aplikasyon pou manje lekòl

Anpil elèv elijib pou repa^{gratis} oswa a pri ki redui. Lè w ranpli yon aplikasyon pou manje lekòl, sa pèmèt elèv ki elijib manje manje midi ^{gratis} oswa pou 25 santim. Elèv ki pa elijib akòz lajan fanmi an touche ak/oswa ki pa pote aplikasyon an tounen ap peye 1.50 dola pou manje midi. Ekonomi lajan pou oumenm ak fanmi w se toujou yon bon lide. Sonje ranpli yon aplikasyon .

Manje midi:

Timoun ki manje manje midi nourisan suiv pi byen lekòl, yo amelyore kapasite yo pou aprann pandan jounen lekòl la. Yo fè tou pi gwo nòt nan egzamen ofisyèl yo epi yo gen mwens pousantaj reta ak absans. Pou ankouraje elèv pwofite avantaj sa yo, manje maten nan lekòl^{gratis} pou tout elèv nan Vil Nouyòk.

Manje maten nan salklas

Pwogram manje maten SchoolFood nan salklas la ofri yon gwo opòtinite pou elèv lekòl leta Vil Nouyòk ogmante potansyèl yo pou aprann. Pwogram entèaktif la asire ke elèv yo resevwa sibstans ak enèji yo bezwen pou jounen ansèyman an.

Vizite <http://schools.nyc.gov/schoolfood> pou w gade prezantasyon miltimedya sou manje maten nan salklas la ak anons sou sèvis piblik.

Repa pou ete: Manje maten ak manje midi ^{gratis}

Sèvis manje maten ak manje midi ap kontinye apre ane akademik yo pwograme a. Repa manje maten ak manje midi ^{gratis} disponib pandan tout ete a pou tout timoun Vil Nouyòk ki gen pou pi plis 18 ane. Pwogram repa ete nou an disponib nan plizyè santèn lekòl leta, nan sant pisin kominotè, nan pak vil la, nan bilding divizyon lojman Vil Nouyòk New York City Housing Authority. Okenn enskripsyon, domikan ni pyès idantifikasyon pa obligatwa. An reyalyite, timoun yo pa bezwen nan lekòl leta pou yo jwenn manje maten ak manje midi ki gen bon gou^{gratis}

Kafeterya SchoolFood

Kuizinye egzekitif SchoolFood's yo travay nan tèt ansanm ak fabrikan yo pou devlope pwodui ki satisfè nòm sou manje ak nitrisyon SchoolFood's ki elve. Divès varyete manje pèmèt nou pèsonalize meni vil la pou chak nivo klas nan lekòl.

Ekip kuizinye SchoolFood's yo ofri estaf kuizin lekòl la ekspètiz ak trening. Elaji itilizasyon pwosedi preparasyon manje ki apwopriye ak teknik prezantasyon manje ki sipòte objektif ankourajman abitud byen manje SchoolFood genyen pou elèv Vil Nouyòk.

Ale sou <http://schools.nyc.gov/schoolfood> pou enfòmasyon sou meni, règleman nitrisyon, snack nourisan ak lòt enfòmasyon.



Nan efò pou konbat pwopagasyon obezite depi tou piti ak maladi grav ki gen rapò avèk li, tankou dyabèt, koòdonatè nitrisyon nou an devlope ak ranfòse nòm ak règleman sou nitrisyon yo. Tabli rapò ak koòdone efò ak asosyasyon sante, gwoup kominotè lokal ak ajans gouvènman ki rekonèt nan tout peyi a pèmèt SchoolFood kore Règleman byennèt Depatman Edikasyon Department of Education (DOE).

Règleman DOE sou byennèt ap chèche ankouraje sante ak byennèt elèv Vil Nouyòk.

Pou w ka gade ak enprime tout règleman an, tanpri ale sou: <http://schools.nyc.gov/offices/health/genprogserv/wellness.htm>

SchoolFood ap tann kesyon w...

Enfòmasyon sou fason pou kontakte direktè rejyonal SchoolFood

Distri lekòl kominotè Manhattan 1 - 6
(917) 339-1742 ccondon@schools.nyc.gov

Distri lekòl kominotè Bronx 7 - 12
(718) 741-5486 lmizrahi@schools.nyc.gov

Distri lekòl kominotè Brooklyn School Community Districts 13, 14, 16, 19, 23, ak 32
(718) 935-3389 mfigueroa@schools.nyc.gov

Distri lekòl kominotè Brooklyn II/Staten Island 15, 17, 18, 20, 21, 22, ak 31
(718) 714-0387 vtammara@schools.nyc.gov

Distri lekòl kominotè Queens 24 - 30
(718) 391-6881 jmagsin@schools.nyc.gov



Biwo Manje Lekòl Office of SchoolFood
Eric Goldstein, Administratè Egzekitif Anchèf
egoldstein@schools.nyc.gov
44-36 Vernon Boulevard
Long Island City, NY 11101
Telefòn: 718.707.4300

